



Dudley-Charlton Regional School District
68 Dudley-Oxford Road
Dudley, MA 01571

Phone: (508) 943-6888
Fax: (508) 943-1077
www.dcrsd.org

Steven M. Lamarche
Direktè Jeneral Lekòl

Kelly A. True
Direktè Jeneral Adjwen
pou Ansèyman ak Aprantisaj

Heather M. Harriman
Direktè Sèvis Pèsonèl
Elèv yo

Joseph J. DeSantis
Direktè Finans ak
Operasyon

MaryEllen Cerbone
Direktè Resouzimèn

27 Oktòb 2025

ATANSYON PARAN AK MOUN K AP BAY SWEN YO

Avi Anyèl Pwogram Rechèch Timoun

Se responsablite Distri Lekòl Rejyonal Dudley-Charlton lan (Dudley-Charlton Regional School District) pou li idantifye nenpòt timoun ki gen laj ant 3 rive 21 ane, ki ka gen yon andikap, epi ki abite nan vil Dudley oswa Charlton. Sa a gen ladan timoun k ap resevwa edikasyon lakay yo, timoun k ap viv nan fanmi adoptif, oswa timoun ki sanzabri.

Epitou, Distri Lekòl Rejyonal Dudley-Charlton lan gen responsablite pou li fè evalyasyon pou elèv sa yo pou li detèmine si yo kalifye pou edikasyon espesyal oswa lòt sèvis ki gen rapò dapre lwa federal, Lwa sou Edikasyon Moun ki Gen Andikap (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA) oswa Règleman sou Edikasyon Espesyal Eta Massachusetts, 603 DCMR 28.01

Distri Lekòl Rejyonal Dudley-Charlton lan pran angajman pou li idantifye timoun yo anvan twazyèm anivèsè nesans yo, pou li kapab ba yo sèvis entèvansyon bonè pou timoun ki gen twa ak katran. Si ou gen kesyon oswa enkyetid sou devlopman pitit ou a epi ou ta renmen yo fè yon tès depistaj pou li, tanpri kontakte Depatman Sèvis Pèsonèl Elèv yo (Department of Pupil Personnel Services).

Si ou sispèk pitit ou a ka bezwen yon evalyasyon pou detèmine si li kalifye pou sèvis edikasyon espesyal, ou ka mande yon evalyasyon gratis, atravè Distri Lekòl Rejyonal Dudley-Charlton lan. Tanpri kontakte nou nan adrès ki anba a:

Department of Pupil Personnel Services

68 Dudley-Oxford Road

Dudley, MA 01571

508-943-6888

hharriman@dcrsd.org